


La Bib pou ti moun  
prézanté



Istwa Noa lè  
Bondye te  
voye gwo  
inondasyon an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus; Alastair P.

Adapté pa : M. Maillot; Tammy S.

Tradwi pa : Christine Pierre-Lhermite

Pwodwi pa : Bible for Children

[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

BFC

PO Box 3

Winnipeg, MB R3C 2G1

Canada

©2021 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Noa té yon moun ki té bay  
Bondyé tout lonè ak réspè.  
Tout lòt moun sou tè-a té  
vin rayi Bondyé é yo tap  
dézobéyi Li. Yon jou, Bondyé  
di yon bagay ki té fè Noa fè  
sézisman. Li di-l

konsa  
"Mwen pral  
détwi tè malad  
sa-a é sé  
sèlman  
fanmi pa-w  
la ki pral sové".



Bondye avèti Noa ke ta pral genyen yon  
gwo inondasyon ki ta pral kouvri tout tè  
ya. Bondye pase Noa yon lòd, li di-  
konsa : "bati yon gwo bato an bwa  
ki ka pran tout fanmi-w ak  
yon pakèt bèt".



Bondye bay Noa tout esplikasyon ak tout mezi sou kijan pou li bati bato sa-a. Se te yon gwo responsabilite pou Noa !





Anpil moun pase Noa nan  
tenten lè li esplike yo  
pouki rezon lap bati  
yon bato nan yon  
zòn ki pa  
menm pre

ak dlo.  
Sèlman Noa pa  
janm dekouraje  
pouswiv sa Bondye  
mande-l fè-a. Li pa janm  
sispann pale moun yo de  
Bondye tou. Men pèsan  
pa jamè vle tandè-l.



Noa te gen lafwa anpil.  
Li te kwè sa Bondye te  
di li-a, menm si kote li  
te rete-a, lapli pat  
janm tonbe la  
anvan.



Aprè yon tan, bato-a te  
pare pou Noa kòmanse  
mete tout sa li ta pral  
bezwen andedan li.





Bondye fè bèt yo rasanble. Gen ladan yo li fè vini  
pa 2, egal yon pè, yon mal ak femèl li, gen lot li fè  
sanble pa 7 pè, egal 14, 7 mal  
ak femèl yo.




Gwo zwazo tankou piti, ti bèt tankou gwo, yo  
tout rasanble pou yo rantre nan bato-a.




Siman anpil moun joure Noa lè li tap  
fè bèt yo rantre. Yo pa janm  
sispann peche kont Bondye.  
Yo pa janm mande pou yo  
rantre nan  
bato-a.





Lè tout bèt yo fin antre, Bondye di Noa pou li antre tou ak tout fanmiy li : madanm li, 3 pitit gason-l yo Sèm, Cham ak Jafèt, yo chak ak madanm yo. Apre sa Bondye fèmen pòt bato-a.





Alò, lapli-a kòmanse tonbe.  
Yon gwo lapli san fen tonbe  
pandan 40 jou ak 40 nwit.






Dlo lapli  
sa fè yon  
inondasyon  
ki kouvri tout kay,  
tout vil, tout vilaj andeyò.  
Menm lè lapli-a sispann, a ta mòn  
yo te kouvri anba dlo. Tout bagay  
ki tap viv sou tè-a yo tout peri.





Pandan inondasyon an, bato-  
a toujou flote sou dlo yo.  
Andedan bato-a gendwa te  
fè nwa, petèt li te gendwa  
domaje apre tout sekous  
lapli sa-a, oswa li te gen dwa  
vin efreyan e bay kè kase,  
Sèlman li pwoteje Noa kont  
inondasyon-an.





Aprè 5 mwa ke Noa te fè sou dlo-a,  
Bondye voye yon van sechrès pou  
seche dlo-a. Aprè yon ti tan, bato-a  
jwenn ak tè, li poze sou tèt yon mòn  
ki te rele Ararat. Malgre sa Noa  
rete andedan bato-a  
toujou pendan  
40 jou,  
jiskaske

dlo yo  
desann  
piplis ankò.





Noa louvri yon fenèt e li voye yon kòbo, zwazo nwa  
yo rele malfini an, ak yon


toutrèl  
pou yal  
gad




kijan tè-a ye. Zwazo-yo  
pa jwenn anyen, yo tounen  
kot Noa. Yon semen apre,  
Noa eseye anko. toutrèl la  
tounen ak yon fèy oliv nan  
bouch li. Nan lòt semèn kite  
swiv apre sa ankò, Noa refè  
menm bagay la, Sèlman fwa sa  
toutrèl la pa tounen. Alò Noa  
konprann ke tè-a te fin sèch nèt.



Alò Bondye di Noa ke lè-a rive pou li  
soti nan bato-a. Noa ak fanmiy li yo  
ede tout bèt yo soti nan bato-a.



Nou ka sipoze  
kijan Noa te dwe  
santi-l ! Li bati  
yon lotèl pou li te sa  
rann Bondye glwa  
dèske Li te epanye  
li ak fanmi-l de  
inondasyon sa-a.




Bondye  
fè Noa  
yon gran  
pwomès.

Li di -l konsa li  
pap janm kite yon  
inondasyon detwi  
tout latè anko poutèt  
peche lèzòm.



Noa ak fanmiy li  
rekòmanse yon  
nouvo lavi apre inondasyon sa-a.  
Apre yon tan, desandans Noa  
yo repeple tout tè-a. Tout  
nasyon ki sou tè-a se  
desandans Noa  
ak pitit li  
yo.



Istwa Noa lè Bondye te voye  
gwo inondasyon an

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Genez 6 - 10


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





3



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

